



Pansyon alimantè - Pensión alimenticia

Li eksplike kòman paran yo dwe asire fason pou timoun yo viv e ki demach jiridik ki pou fèt.

• Kisa pansyon alimantè a ye?

Se yon obligasyon pou paran yo bay timoun ak adolesan nan lekòl primè, segondè yo manje e pou sila yo ki ap aprann kèk pwofesyon ou metye.

• Kiyès ki kapab benefisye pansyon alimantè?

Ti moun yo ka benefisye jiskaske gen 21 lane .

Si y ap aprann yon metye oubyen pwofesyon y ap resevwa pansyon an jiska 28 lane.

Si w gen yon andikap fizik oubyen mantal ki anpeche w gen yon salè, yo bay jiska 28 lane.

• Kiyès ki dwe bay timoun yo pansyon alimantè ?

Tou 2 paran yo, selon kondisyon ekonomik yo.

• Kilè ka gen medyasyon e kilè ou ka al nan tribinal ?

Medyasyon an (Antant la) obligatwa nan zafè manje, avan w ale nan tribinal. Tou 2 pati yo (manman an ak papa a) kapab ale dirèkteman kay yon medyatè prive ke Leta peye . Si pa gen yon akò oubyen youn nan pati yo pa ale nan randevou antant lan , y ap bay yon sètifika ki endike ke medyasyon an pa t fèt. Sètifika sa a ap pèmèt yo egzije aliman nan yon dokiman ekri k ap prezante devan yon jij fanmi ki konpetan pou dosye a.

• Eske ou bezwen yon avoka pou bay manda pou fè demand alimantasyon an ?

Wi, w ap toujou bezwen yon avoka pou bay manda a, men jij la ka fè eksepsyon nan kèk ka.

• Kisa ki dwe pwouve nan jijman pou alimantasyon an ?

Lyen parante ki genyen ak moun ki fè demand la.

Nesesite timoun nan, a travè yon lis avèk resi depans pou alimantasyon , edikasyon , rekreyasyon, kay, sante, vètman , kòb transpò, limyè , dlo, gaz, telefòn etc. Kapasite ekonomik ak patrimwàn (byen) moun ki fè demand la, tankou : likidasyon salè, resi onorè (pèyman) ak antesedan patrimwàn oubyen deklarasyon jiridik.

Si youn nan moun yo kache fòs kòb yo resevwa kòm salè oubyen yo bay fo enfòmasyon yo riske pran sanksyon ak prizon.

• Konbyen lajan ki etabli pou mande pansyon alimantè ?

Montan minimòm nan se 40% salè a lè se yon sèl timoun. Si ou gen plis ke yon timoun, montan maksimòm nan pou chak timoun yo se 30% nan salè minimòm nan. Montan maksimòm nan paka depase 50% nan salè total moun kap peye pansyon an.

• Sa k ap pase si moun yo mande pou peye a pa peye pansyon alimantè a?

Jij la ka òdone pou yo mete l nan prizon, fè l pa ka soti nan peyi a oubyen sezi byen li avèk anpil lòt mezi yo ka pran toujou.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.